

RARATAN JEUNG WARUGA NASKAH

A. Raratan Naskah

Judul Naskah : Sajarah Galuh
Penulis : -
Nu boga naskah : Arsadinata (70 taun)
Alamat : Jl. Poronggol Raya-Kawali-Ciamis
Asal muasal naskah : Warisan
Tingkesan : Asal muasal ngadegna Kerajaan Galuh nu ngaran rajana
Permana Kusumah dituluykeun ku Ciung Wanara Permana.

B. Waruga Naskah

Ukuran naskah : 21,5 X 16 cm
Ruang tulis : 17 X 12 cm
Kaayaan naskah : Lusuh
Jumlah kaca : 104
Jumlah jajaran unggal kaca : 13 jajar
Basa : Sunda
Aksara : Pegon
Ukuran aksara : Galede
Wangun aksara : Paranjang
Tapak kalam : Mintul (ipis)
Warna Mangsi : Hideung kabeh
Warna kertas : Kuleuheu
Jenis kertas : Kertas polio polos
Kaayaan tulisan : Jelas (lancar dibaca)
Cap kertas (watermark) : -
Wangun karangan : Puisi/ wawacan

C. Sawatara Tanda Baca dina Transkripsi

1. *//...//* nyaeta tanda garis miring rangkep. Ieu tanda dipake dina awal, tengah, jeung ahir teks anu nuduhkeun katerangan kaca nu aya dina naskah.
2. *bb..bb* tanda anu nuduhkeun bait/pada dina unggal pupuh.
3. Aksara 1..2..3...nudahkeun jumlah padalisan/baris tina sakabeh eusi naskah (ti awal nepi ka ahir).
4. *bbbb...dddd* tanda anunudahkeun gantina pupuh.

1. Dangdanggula

- (1). //Dilagukeun tembang basa Sunda, (1)
supaya sami kahartos,
ku putra sareng ku putu,
ku sadayana kulawargi,
carios anu baheula,
jeung asal karuhun,
bapa urang nabi Adam,
jeung carita babu Hawa ibu pasti,
tah urang moal uninga.
- (2). Nabi Adam èta guru jisim,
jeung garwana anu ngaran Hawa,
wiwitan jaman sakabèh,
samemeh ta turun,
ti sawerga èta henteu aya hiji,
èta anu ngaran jalma,
di dunya henteu suwung,
barebg enggeus turun Adam,
jeung garwana boga istri rèk papanggih,
perang dina panggulingan.
- (3) Tuluy campur Adam unggal peuting,
jeung garwana...anun ngaran Hawa, (2)
sanggeus reuneuh beutungna gèdè,
gancangna anu dicatur,
seug ngajuru sakalina mahèr,
babarna dua sakali ngajuru,

dicaritakeun dina kitab,
reana téh meunang opat puluh kali,
kaètang meunang putra.

- (4). Opat puluh putrana lalaki,
putra istri kabéh dicarita,
teu sarua réana tèh,
ngan aya tilu puluh,
jeung salapan punjulna deui,
jadi meunang jumlahna,
kabéh tujuh puluh,
punjul salapan réana,
putra pameget jeung putra istri.

- (5). Sami pada rupina,
tuluy nabi Adam sueg badami,
jeung garwana kumaha ayeuna,
barudak enggeus galèdè,
ulah mangka teu urus,
cing // kedah ku catur, (3)
(...) urang majeng-majeng,
kadieu pada dulur,
pating kudu sèlang sèkar,
lalakina nu goring meunang nu geulis,
Babu Hawa henteu rempag.

- (6). Jadi panuhun keur kahayang kuring,
ari budak istri hadé rupa,
kudu meunang anu kasep,
ambihna jadi dulur,
tuluy nabi Adam senggiti,

benduna kabina-bina,
sugan manéh pulung,
lamun kitu petana mah,
beunang ogé disebutkeun kurang adil,
jalma teu aya ilmuna.

(7). Ayeuna mah nyai ulah mikir,
nyai téh arina ditanya,
matak baé seueul haté,
ulah arék milu-milu,
kajeun teuing sakarep kami,
tuluy nabi Adam popoya,
kabeh putra..//..kumpul, (4)
ayeuna téh (.....),
ayeuna maraneh kudu karawin,
nanging sakarep bapa.

(8). Nyaritakeun anu lima kali,
babu Hawa téh kalana babar,
nu éta opat jodo,
nu hiji teu dicatur,
rehna teu aya jodona deui,
mangkana kacarita,
arina geus tutug,
nyarioskeun anu opat,
pernahna anu opat sahiji,
masing-masing tempatna.

(9). Nu sakuren tengah langit,
anu ngaran éta Ki Arjuna,

ayeuna nu kacarios,
nya éta anu kacatur,
di pernahkeun dina tengah bumi,
anu ngaran Kai Jamal,
sakuren dicatur,
dipernahkeun tengah dunya,
pang ayeuna nya éta enggona cicing,
anu ngaran Ki Sadulloh.

- (10). Nyarioskeun nu sakuren deui,
nu merenah di medang kamulan...//
didinya ngaranna téh, (5)
namina ngaran karuhun,
kakasihna Nur Rasa Sayajti,
ayeuna nu kacarita,
nu ngaran Jagadu,
lalaki nu hiji téa,
henteu aya jodona dicatur deui,
ngajaga antéro dunya.

- (11). Anu tilupuluh lima kali,
babu Hawa téh kalana babar,
tilu-tilu lima jodo,
arina anu matak kitu,
sabab éta jadi paranti,
arina dua-dua,
kalian ngajuru,
teu aya pisan owahna,
gan sakali anu dijurukeun,
nya pun Jagadu téa.

(12). Anu tujuh puluh salapan tadi,
jadi bibit saantero dunya,
unggal nu saunggul pulo,
kawitanana Malayu,
Arab jeung Sunda jeung Turki,
sumawona Amerika,
Aprika mah puguh,
Palembang Sumbat Malaka //
(...) Pinang Jawa Bali Ambon Bugis, (6)
Riau reujeung sejena.

(13). Rea pisan anu teu terang deui,
ngan sakitu nu kainget tea,
langkung rea nu teu nyaho,
kinten-kinten aya sarebu,
tikel-tikel ti nu kapanggih,
ayeuna urang tunda,
heulaan sakitu,
malah putra-putra Adam,
dicaturkeun eta hiji-hiji,
aya dina séjén kitab.

2. Asmarandana

(1). Ieu kacarita deui,
ratu Galuh kacarita,
kersana rék ngalalakon,
ngersakeun nyieun nagara,
ngaran Purwacarita,
di Lakbok anu dijugjug,

ngandih nu ngaran nu rasa.

- (2). Nu rasa putrana nabi,
adam turunan kawayang,
wayang keur teu // aya tembog, (7)
henteu tembong ku manusa,
wantu keur jadi siluman,
matak nu sajava suwung,
taya nu bias ngeusian.
- (3). Ratu Galuh enggeus linggih,
jadi ratu nu sajava,
wayang tuluy éléh kabeh,
teu aya anu kacarita,
nagara nu langkung mulya,
reugreug pageh hamo nimu,
saperti nagara éta.
- (4). Réa deui anu ngiring,
ti pulo-pulo nu liyan,
kaya raja-raja sejen,
anu seja kumawula,
hayang éta puhara,
sabab éta Ratu Galuh,
saktina kabina-bina.
- (5). Salin ku carita Mesir,
keur waktu jaman harita,
rajana téh nabi Enoch,
sakitu Raja kawasa //

- naon anu jadi kersa, (8)
geus tangtu baé dikobul,
ku gusti Alloh taala.
- (6). Jadi réa anu ngiring,
ngalampahkeun ibadah
tina nusa-nusa sejen,
sakumaha betahna,
tangtu dilampahan ,
ku jalma anu geus taluk,
éta pirang-pirang raja.
- (7). Nabi Enoch enggeus ngarti,
rehna pirang-pirang raja,
sumawona muka-muka,
nu teu anut ka anjeuna,
ngalampahkeun agamana,
lajeng Enoch nunuhun,
neneda ka Gusti Allah.
- (8). Ya illahi ya sajidi,
Ya Maolana taoan Alloh,
Pangeran ing alam kabeh,
Abdi neda ditulung,
sakersa Gusti Alloh,
sarta nu henteu nurut,
muga diparin hukuman.
- (9). (lakuna) //
Enoch ulah jadi maras, (9)
perkara pamenta maneh,

tangtu kami rek nulungan,
anaking kudu sadiya,
dunya rek dijieun laut,
enoh nyadiakeun kapal.

(10). Sadaya kapal enggeus rapih,
lajeng manjat sadayana,
raja-raja kumpul kabeh,
sumawona putra garwa,
miluan para Santana,
papatih jaksa panghulu.
kabeh taya nu tinggal.

(11). Tuluy kacarita deui,
lampahna Ratu Pusaka,
dumadakeun bae kaget,
teu aya nu ngabejaan,
yen arek direndem dunya,
sakedap geus nyipta gunung,
nyundul ka langit lahirna.

(12). Baladna kabeh dikerid,
henteu aya anu tinggaleun,
raja-raja kumpul kabeh,
sumawona putra garwa,
miwah jeung para Santana,
papatih jaksa // panghulu, (10)
sakabeh pada naranjak

(13). Geus nanjak sakabeh mantra,
bopati Rangga Aria,

- demang jeung abdi kabeh,
lurah bekel nanda kadan,
sunggutna haok-haokan,
anggot nu ngaran paburu,
kuduna di santikan.
- (14). Leumpang barina digitik,
kuda lumpat tarik pisan,
kasuduk ku cai areuwab,
teu noli pangadulaan,
lalumpatan gancang kacida,
hayu batur buru-buru,
juragan mah meureun gancang.
- (15). Gancang kersaning yang Widi,
dunya geus jadi sagara,
gunung-gunung leungit kabeh,
teu aya nu katinggalan,
ngan kari gunung Padang,
jeung éta gunung Galunggung,
anu masih katinggalan.
- (16). Pedangna lilana cai,
itung peuting jeung beurangna,
meunang opat puluh...poé,
kakara cai téh saat,
jalma kabeh tarurun,
sabalad-baladna Ratu,
pada nareangan imah.
- (17). Kabeh jalma menak kuring,

datangna ti pamubusan,
pada ting haruleng baé,
nenjo paenggonana,
pada rarusak kacida,
cai masih keneh pinuh,
harita ratu nembalan.

(18). Éh ayeuna Kai Patih,
panghulu jeung Kai Jaksa,
mantra bopati sakabeh,
sumawona menak-menak,
reujeung pamajikan pisan,
ulah dipaké ngajentul,
anggur urang nareangan.

(19). Éta téh ulah dipikir,
pikeun anak putu urang,
jeung nagara enggeus kolot,
seug éta urang budal,
urang dangdan saréréa,
papatih jaksa panghulu,
bareng reujeung sadayana.

(20). Budal...ka pakuan patih, (12)
Ratu mépendé didinya,
sareng jeung balad kabeh,
teu dicatur di jalanna,
ayeuna téh anggeus dongkap,
ka pakuan nu dijugjug,
ka nagara lembur Bojong Lopang.

(21). Geus pinuh kapipr-pipir,
di buruan geus balatak,
réa jalama tinggaloler,
boga ampar maké samak,
kasur mah geus urut butut
samak angel teu kaurus,
ku loba-loba ning jalma.

(22). Tunda heula para mantra,
bopati sareng menak,
mangkana areureun capé,
kudu eureun sadayana,
éta sadayana balad,
kakara kabur ti gunung,
ayeuna salin carita.

3. Kinanti

(1). Hariring seug Ratu nyaur,
aéh ayeuna maneh patih,
geura leumpang taréangan,
jeung kabeh mantra bopati//,
tuwa-tuwa (...), (13)
poma éta masing manggih.

(2). Neangan rupana batu,
panjang rupana pasagi,
batuna nu bodas rupana,
dimana baé nya manggih,
di dinya pakeun nagara,

- keur nyarita anu goib.
- (3). Tuluy patih unjuk hatur,
lempeng pangandika Gusti,
enya geura mangkat,
patih nyembah bari pamit,
ieu urang saréréa,
tumenggung jeung para mantra.
- (4). Radén patih gura giru,
gubag gabig bari ngiring,
angkat bari papayungan,
baranang payungna mantra,
masing-masing sasarengan,
wantu pada boga ati.
- (5). Arina bijil ti lembur,
mapay lébak mpir pasir,
ngaliwat barang siang,
di Cimuntur meuntas deui,
mpir Karangmulyan,
tuluy mapay ka...béh hilir, (14)
- (6). Datangna ka pojok kidul,
tuluy batu béh kapanggih,
lebah éta panumuan,
cimuntur jadi sahiji,
diriung ku sararéa,
batina pating kecewis.
- (7). Ayeuna geus meunang paku,

hayu batur urang balik ,
haturan ka Kangjeng Raja,
meh ayeuna geus kapanggih,
kumaha nu jadi kersa,
ku urang kudu di iring.

(8). Di jalanna teu dicatur,
ayeuna téh enggeus sumping,
geus marek ka Kangjeng Raja,
unjukana batu kapanggih,
kumaha nu jadi kersa,
abdi-abdi séja ngiring.

(9). Hariring Raja téh nyaur,
sukur ari geus kapanggih ,
isuk poé senen budal,
sakabéh ponggawa mantra,
tua-tua sareng ménak,
reujeung ngaben juru tulis.

(10). Ulah ngaréakeun laku //,
bareng jeung bareng sakali, (15)
istri putra ulah tinggal,
sawareh nu dina joli,
aya nu tumpak jampana,
istrina para bopati.

(11). Budalna siga siraru,
dampal suku jiga titinggi,
leumpang jiga oray ngojay,
tatan-tatan bébéresih,

enggeus leungit tatakrama,
menak jeung kuring.

(12). Disebutna Bojong Galuh,
nagara awor téh teuing,
di sisina pager bata,
bari kakepung ku cai,
ku Ratu di Bojong Lopang,
batu ragrag burak barik.

(13). Dipanah ku gelap séwu,
batuna pating salewir,
ragragna ka pulo lian,
nu ragrag di dinya deui,
jadi sagala pusaka,
murag tina gunung tadi.

(14). Gunung samemehna rugrug,
aya nu katingali //,
katinggal rupa cahya , (16)
ngagebur gédéna leuwih,
ninggang ka lebah nagara,
kitu anu katinggali.

(15). Cahya disebut ku Ratu,
ngaran cahya buta manik,
pangeran Jagula Emas,
Saumur kakara manggih,
Pangeran sabumi alam,
ngaranna cahya sabumi.

(16). Ayeuna Ratu dicatur,
keur meujeuhna sugih mukti,
garwana aya salapan,
nu tujuh éta ti ipri,
malah disebut araana,
di wincik sahiji-hiji.

(17). Mimitina nu disebut,
Bang Maraja bawa cai,
di dinya kagungan putra,
sahiji sarta lalaki,
kakasihna Jaka Lawang,
diroba enggona cicing.

(18). Anu hiji garwa Ratu,
Sang dewi Maraja siti,
Putra pun Sango karoh,
ditunjung boga bumi //,
tilu raja terus bawa,
putrana kadiring wargi.

(17)

(19). Putra nu ngaran Kuyupuk,
ibuna téh Nyi Camunisi,
imahna di guha upas,
di dinya enggon paranti,
tara undur ti tempatna,
geus kitu hadi paranti.

(20). Simana garwa ratu,
maraja éta kakasih,

putrana Ki Gibang Larang,
di Lakbok kagungan bumi,
haji nanggung terus rasa,
putra ngarana Ki Dulik.

(21). Di sancang arina matuh,
Ibu tere mihiji deui,
ti bangsa manusa,
Sang Raja Kombala Sari //,
ti dinya kagungan putra,
sang Bangga éta bopati.

(22). Hiji deui garwa ratu,
Sitina Permana Sakti,
ti dinya kagungan putra,
Sanghiang Maraja Sakti,
geus tutug carios putra,
Demung Mungkur nu ngaganti.

4. Pangkur

(1). Ayeuna nu kacarita,
di nagara eukeur sarwa jadi,
nu disebut Bojong Galuh,
geus teu aya kakurangan,
nanging éta ayeunna téh Kangjeng Ratu,
kagungan maneh rék angkat,
keur badami beurang peuting.

(2). Tuluy nyaur ka Ki Bondan,
ku maneh éta aing geura ganti,

kami rék nuluykeun laku,
seug ratu tuluy ngaosta,
lelepenna soca ludira dicabut,
dilaan tina tanganna,
ki Ki Bondan geus ditampi //.

- (3). Lajeng dianggo ku Bondan, (19)
ari enggeus Ki Bondan nganggo cingcin,
rupana breg eujeung Ratu,
geus henteu aya bedana,
sagalana tingkah polah lampah laku,
ucap langkah tatakrama,
taya nu kantong sahiji.
- (4). Ratu leungit henteu karuhun,
kitu deui ngaran Bondan enggeus leungit,
kabeh jalma nyebut ratu,
ulah tamawun nu lian,
putra garwa kabeh ogé geus kaliru,
taya jalma nu uninga,
Bondan baé anu leungit.
- (5). Éta ratu kérsa nyandak,
hiji istri anakna Empu Anjoli,
anu ngaran Nyai Anjung,
nyai Anjung Sekar Jingga,
sanggeus éta ratu nyandak Nyai Anjung,
nagri katarajang ruksak,
langkung réa anu garang.
- (6). Pantès éta rada panas,

sadayana nirang-nirang nu gering //,
unggal poé teu kaitung, (20)
eta ku réana,
anu paéh nu sakarat anu ngagerung,
balatakna batu datar,
geus puguh pipir catir.

(7). Ratu lajeng seug nimbalan,
maneh patih ayeuna geura arindit,
ngaronda ka lembur-lembur,
sugan aya nu kaliwat,
jero désa atawa di lembur-lembur,
anu teu keuna ku salad,
sukur patih lamun manggih.

(8). Raden Patih tuluy nyembah,
nuhun Gusti jisim abdi hatur pamit,
nuhun Kangjeng Ratu,
nya patih ulah bayalah,
tuluy leumpang patih reujeung batur-batur,
para mantra sadayana,
lebé reujeung juru tulis.

(9). Mapay ka unggal nagara,
tepis wirig paminggir para bopati,
tuluy ka kuda Ciburgul,
ari geus datang ka dinya,
ninggalian ka unggal // imah teu nimu , (21)
henteu aya nu muriang,
Ki Patih ngahuleng cicing.

- (10). Seug mariksa ka kuwuna,
aki kudu kami heran téh teuing,
na kumaha nya panemu,
matak salamet sorangan,
kami ngider ka unggal imah teu nimu,
aki kumaha dungana,
jeung kami béré mangarti.
- (11). Ki Bungur tuluy haturan,
yeuh juragan patih mun palay tingali,
asalna kuring the nulung,
henteu manggih-manggih acan,
bolo ampar éta manggih rupa manuk,
tuluy manggih ganggarangan,
diburu lumpat ka pasir.
- (12). Seug ku kami diboroan,
tuluy lumpat éta gancang téh teuning,
diburu lumpat ka gunung,
di dinya téh manggih ajar,
seug ngalahir éta // téh ulah diburu, (22)
éta ingon-ingon urang,
gancangna ajar ngalahir.
- (13). Maneh mangkana iyatna,
jaga ieu maneh katangan ku gagering,
nagara maneh ka gempur,
tuluy abdi téh haturan,
cing kumaha abdi haying ulah kitu,
sabatur kuring sadaya,
nuhunkeun ulah ka tepi.

- (14). Gagering mangka nu nyingkah,
ulah kungsi dongkap ka lembur kuring,
geus kitu Ajar téh nyaur,
hadé meureun diberéan,
ieu tega-tega beuweung tuluy sembur-sembur,
kabeh ka opat madhad,
tuluy ka luhur ka bumi.
- (15). Éta sakitu juragan,
éta purwana salamet sadaya kuring,
patih ngadangu piunjuk,
piunjukna aki téa //,
aki kuwu Bungur téh hatur sakitu, (23)
patih lajeng gancang mulang,
rék hatur ka kangjeng gusti.
- (16). Teu dicatur dijalanna,
kai patih gek marek hatur ka gusti,
serta bari hatur gugup,
jisim kuring téh geus mendak,
hiji desa lalembur aki kuwu Bungur,
salamet tina sasal,
taya hiji nu giring.
- (17). Hariring ratu nimbalan,
na kumaha sababna éta Ki patih,
Raden Patih unjukeun hatur,
pihatur éta ka raja,
taya lian mihatur ka kuwu Bungur,
Ratu ngarenjang (...),

Ka ajar benduna leuwih.

- (18). Patih maneh geura leumpang,
hatur éta para mantra-mantri,
ngajugjug éta ka kuring,
ajar ku patih pek ogan,
sing kabawa // iringkeun ku sabatur, (24)
gancangna Ki Patih mangkat,
bareng reujeung mantra-mantri.
- (19). Geus dongkap ka gunung Padang,
tuluy calik jeung ajar enggeus papanggih,
ajar sampean disaur,
ku Ratu kudu gancang,
pihaturna ka Ajar patih sakitu,
sumangga kuring kakersa,
nangging kula hiji paksi.
- (20). Rek nyanggakeun beubeunangan,
rupa daun dodol Kembang saruni,
Anjung malati sacungcung,
koneng témén serompang,
reujeung geutah randu asalna ti gunung,
tuluy mulang saréréa,
ngaguruh sora nu giring.
- (21). Teu dicatur dijalanna,
da geus ngarti panggaggo para bupati,
saperti ayeuna kitu,
da moal aya bedana,
tunda heula // ayeuna nu keur lumaku, (25)

ratu kersa nyieun akal,
ngadangdanan hiji istri.

- (22). Dangganna dipupungkuran,
geus ngagédér gentra para nyai-nyai,
upami di Nyai Raden Ayu,
gumujeng kocap ngagak-gak,
jeung ngarontok silih tumbuk pada batur,
réa nu katarajang,
aya anu babay kiih.
- (23). Nyai Anjung Sekar Jingga,
didangdanan beuteungna maké kawali,
geus jiga anu reuneuh nyemplu,
seug dicandak ka arepan,
dibandingkeun calikna deukeut jeung Ratu,
ajar jeung patih geus dongkap,
geus marék ka payun Gusti.
- (24). Lajeng Ajar téh haturan,
sod kawula ngahaturkeun pangabakti,
ieu rupana sakitu,
tuluy ratu téh mariksa,
eta naon geuning éta rupa daun,
ajar // haturan pertela, (26)
randu asal tin u ngiring.
- (25). Lamun kitu petana mah,
ajar méré seureudan ka kami,
ratu beuki tambah bendu,
ajar maneh téh kawasa,

jig seug taksir mangkana ari ngajuru,
éta pamajikan urang,
pamégét atawa istri.

(26). Ratu ngandika Ajar,
ari sakti ayeuna kudu leungit,
maneh anu nyieun kitu,
wawandaning kudu walaras,
ieu sagala panyakit,
(kurang dua padalisan).

(27). Sugan bae katarima,
sembah puji ku pangeranna nu sajati,
miwah Kangjeng para Rosul,
geus éta nu kawasa,
kana sagalaning eta mahluk,
nu aya di alam dunya,
dilahir miwah di batin.

(28). Ajar tuluy ngawalonan,
perkara mariksa ratu // tadi, (27)
kumaha kersana ratu,
tapi taksiran kula mah,
ari babar mangkena Nyai Anjung,
enggeus tangtu moal gagal
putrana éta lalaki.

(29). Ratu gancang ngabaeudan,
ajar naon éta maneh henteu sakti,
ayeuna kudu dihukum,
sababna hatur dongdong,

lain reuneuh enya soteh eta ngemplu,
beunang urang ngadangdangdanan,
di titah ngandung kawali.

- (30). Tuluy Ajar aeuseurian,
henteu pisan aya nu kersa seutik,
kajeun teuing Ratu bendu,
da kami mah henteu susah,
geus tangtu éta keur sarayang agung,
moal beunang di wuwuhan,
budak medalna lalaki//.

5. Sinom

- (1). Ayeuna téh geura buka,
ku kami sing katinggali,
barengna éta dibuka,
kawali henteu kapanggih,
enggeus leungit tanpa lebih,
kantun beuteung Anjung nyemplu,
lajeng reuneuh saenyana,
heran kabeh nu nggali,
tambah-tambah Ratu bendu sartana wiring.
- (2). Éta kawali didupak,
ku Ajar keur waktu tadi,
samemeh éta dibuka,
ku Ajar didupak tarik,
ninggang kana sisi cai,
dina sakuloneun lembur,
ngaranna téh selang pajang,

mana disebut Kawali,
sabab kitu éta dina caritana.

- (3). Tuluy Ajar dibuburak,
ku Ratu dititah balik,
barang Ajar enggeus,
ratu nimbalan ka patih,
patih reujeung para mantra,
geuwat ku maneh sarusulajar geura paraehan //,
cacag mangka burak-barik, (29)
tuluy budal patih reujeung baturna.

- (4). Ajarna susul di jalan,
diburu ku para mantra,
dicacag ditarumbakan,
nanging teu mampan sahiji,
keris tumbak pedang bedil,
sadayana mararintul,
taya anu teurak,
keur saratu Ajar muru,
dongkap wafat ditumbak muru getihan.

- (5). Sarta kudu tijumpalik,
aéh kutan kitu kersana,
Ki patih sumangga teuing,
mana kitu gé geus jangji,
sakitu kersana Ratu,
tuly Ajar téh tijengkang,
srtana bijilan getih,
getih beureum aya geutih herang pisan.

(6). Nu matak di dinya aya,
ayeuna téh ngaran cai,
cibeureum jeung cikedengan,
Cihideung // Cikoneng deui, (30)
Ciherang hiji deui,
nu aya di sisi lembur,
margana téh didinya,
éta getih Ajar tadi,
tah sakitu purwa aya ngaran eta.

(7). Nyai Anjung Sekar Jingga,
datang ka waktuna lahir,
medal pamégét putrana,
rupana kasep téh teuing,
bareng seug di tingali,
dijaga-jaga ku Ratu,
aya sora teu karuhan,
unggelna semu nu ceurik,
tangtu pisan dibalesan leuwih lara.

(8). Geus kitu Raja ngamanah,
ieu moal naon deui,
maliwat ieu téh budak,
tangtu ngayeyeri aing,
ayeuna baruang patih,
éta budak bisi hirup hurip,
atawa paehan pisan,
ayeuna meungpeung keur leutik,
Patih nyembah kumaha kersa gamparan.

(9). Patih mah nyaho-// eun pisan,

éta kana murangkalih,
Patih ngabijilkeun akal,
bari mawa murangkalih,
mawa kandangan sahiji,
moroncong cahyana mancur,
sababna kandangna emas,
jeung nyokot endog sasiki,
reujeung deui nyokot kalapa nu asak.

(10). Kandangna téh dieusian,
nyaeta ku murangkalih,
sarta endog jeung kalapa,
dibaurkeun jadi hiji,
enggeus kitu nganggo rakit,
dipalidkeun ka Citanduy,
di tunda caritana,
ieu kacarita deui,
ieu jalma ngaran aki Balangantrang.

(11). Di dinya naheun samapan,
ari ti peuting téh ngimpi,
ngimpi katinggang ku bulan,
reujeung katindih ku langit,
hudang sasambat ka nini,
isuk-isuk waktu subuh,
barina // cacarita, (32)
aing tadi nini ngimpi,
katindih ku langit reujeung katinggang ku bulan.

(12). Sugan mah urang,

untung batan sasari,
aki geuwat geura teang,
si Aki gancang seug indit,
barina alak-ilik,
sarta bari di kukudung,
dina tangga pupundungan,
aya cahya katingali,
parancahan jurig jeung indit setan bubar.

(13). Tetela dina sungapan,
aya anu katingali,
aki téh babatukan,
bawaning kun a maranti,
seug tuluy aki mipit,
barina di kukurudung,
beh aya kandang emas,
tuluy dibawa ka sisi,
seug dibuka aya budak kasep pisan.

(14). Aya endog jeung kalapa,
geuwat dibawa malik,
aki téh // pisan,
datang cecéluk ka nini,
nini ka dieu bijil,
geura ieu aing nimu,
murangkalih kawasa,
urang pianak nya nini,
reujeung endog kalapa mah urang pelakkeun.

(15). Murangkalih dipiara,
ku nini seug geura ais,

geus émut nanyakeun bapa,
aki naha bapa kami,
kai jajah enya aing,
nya aing bapa karuhun,
Ki Jajah bendu manahna,
moal enya kitu aki,
nini aki pan aki cumah miara.

(16). (...) abus ka nagara,
di dinya sadulur aki,
urang cicing heulaanan
aya Empu Anjali,
lila-lila kapanggih,
mangke ku rama ku ibu,
tuluy leumpang ti dinya,
dating ka leuweung téh manggih,
manuk ciung enteup dina // kakaian. (34)

(17). Ki Bagus Jakah téh nanya,
naon aki dina kai,
bilih ujang henteu terang,
éta anu ciung yakti,
éta ujang manuk dina kakaian,
(kurang opat padalisan)

(18). Ti dinya aki téh jengkar,
sareng éta murangkalih,
ngadeuheus ka sang Raja,
mariksa Empu Anjali,
anak aki pribadi,
atawana anak pulung,

Empu Anjali haturan,
beunang dulur abdi manggih,
ti saapan diwadahan ku kandang.

- (19). Ratu gancang mundut kaca,
ninggal raray pribadi,
lajeng sakarupa teuing,
naha sakarupa teuing,
aéh Ki Empu Anjali,
anak manéh ulah milu,
dipenta baé ku urang,
rék diakui anak kami //,
Ki Empu téh haturan sumangga pisan, (35)

- (20). Ratu téh kersana bubar,
kersa rék mulih ka bumi,
Wanara Hariang Bangga,
bareng jeung maraja sakti,
kersana ngiring ka bumi,
kabeh pada nganggo payung,
kamantren teu sarua,
ngaguruh sora nu ngariung,
para garwa parekan sélér pawarang.

6. Mijil

- (1). Kangjeng Ratu geus mulih ka bumi,
seug calik dijuru,
dikumpulkeun mantri-mantri kabeh,
Hariang Bangga maraja sakti,
Ciung Wanara anak aing,

kadieu karumpul.

- (2). Ieu rama arék mantri-mantri,
masingna katenjo,
Hariang Bangga jadi Prabu Anom,
Ciung Wanara jadi pandey beusi,
ngiring Empu Anjali,
jumlah salapan puluh //.
- (3). Maraja sakti maneh téh di panic, (36)
diberean gedong,
jeung eusina sakalian baé,
ngaranna éta dib éh hilir,
diberéan pasti,
tanah dayeuh luhur.
- (4). Ciung Wanara kacarita deui,
keur ngadamel anggoan,
pikeun jalma-jalma nu diareuy,
bisi aya mantra-mantri sirik,
atawa bopati,
éta anu kitu,
- (5). Nanging rama muga ningali,
bisi kurang saé,
dicabakan bari tempa-tempo,
tuluy ratu di dinya ngalahir,
meujeulna téh teuing,
sabeunangna Agus.
- (6). Rama ieu panasaran kuring,

ramana ngalahir,
lamun henteu kitu.

(11). Lamun henteu Ajar Paéh ku aing,
moal aya ratu,
nyekel gawé,
nu sa jawa tangtu sepi,
reujeung Bangsa titip,
omong mangka laku.

(12) Nu sa jawa // sanggeus euweuh aing, (38)
tangtu meureun cek-cok,
enggeus tangtu parebur baé,
putra-putra para bopati,
miwah para mantri-mantri,
puguh para mantri.

(13). Maraja sakti manéh kudu éling,
poma ulah poho,
tah sakitu omong bapa téh,
pipilihan sagala pamali,
nu gédé nu leutik,
patuh anu kabeh.

(14). Dinu sajawa dicawiskeun deui,
geura baé tenjo,
sapuluh kali ganti ratu téh,
ari ogé sapuluh kali,
meureun aya deui,
anu jadi ratu.

- (15). Hariang Bangsa éta Ratu Majapait,
linggih di karaton,
lajeng ramana mah,
dipati Sangkalawus nami,
ningali agami,
henteu aya hukum.
- (16). Lampah jalma kudu ati-ati,
henteu aya bohong,
satimbangan anu nyekel gawé,
ngareunaheun sakur abdi,
tangtu henteu // lima, (39)
lima puluh taun.
- (17). Jalma bijil lajéng urang bijil,
saban baréto,
disuguhan jawadah seger,
(...) kari-kari kami,
dikocapkeun deui,
Carioskeun Ciung.
- (18). Ciung Wanara diangkat bopati,
disebelah lawan,
Pajajaran éta nagara kami,
namana éta genti,
namana Adipati,
sangkala Dewi Ratu.
- (19). (...) kakasih deui,
Teu digentos-gentos,

Kakasihna lain hiji bae,
Geus teu aya hokum agama,
Teu ngurus deui paracaci,
Saha bedas jadi ratu.

7. Pucung

- (1). Ciung Wanara pangpangna jadi Ratu,
nyekel pajajaran,
henteu aya nu robih,
tilu ratus taun diitung lilana.

- (2). jalma kabeh pangbijilna enggeus tangtu,
sarta urang // mah, (40)
henteu ku nu sejena,
saban bada dikirim koneng sarempang.

- (3). Genti deui éta anu ratu,
di medal kamulan,
sankala éta bupati,
berjalan maké saperti diri kama.

- (4). Disebutna adi ulah jadi ratu,
diitung lilana,
salawasna nyekel gawé,
meunang ratu lima puluh henteu kurang.

- (5). Jalma leutik bijil pajeng gé tangtu,
masih kenéh eumah,
genti ratu ku awéwé,
kakasihna sang ratu Lakawangka.

- (6). Nagarana dirobah nu kapungkur,
agama dirigama,
ku éta henteu dipaké,
dalapan taun kawasana nyekél nagara,
- (7). Genti tempo adi ulah jadi ratu,
namana Adi Setia,
Sangkala Bujangga,
anu pernahna aya di nagara Mekah.
- (8). Mimiti aya agama // rosul, (41)
bareng jeung dinigama,
éta di Mataram Raden,
nu ngusumah Senapati kakasihna.
- (9). Ari geus kitu tuluy mariksakeun ratu
cajaba urang jiad,
ku maneh ulah rek bohong,
sakumaha lilana nya jadi raja.
- (10). Rejeung kami nitipkeun nagara tilu,
Banten reujeung Demak,
Tilu nagara Cirebon,
jalma leutik kalawan lajeungkeun perang.
- (11). Jenengana nagara Demak diitung,
éta saratus sawidak,
di panjang nagarana téh,
aya deui ayeuna nu jadi raja.

- (12). Genti deui ayeunna nu jadi raja,
Sangkala Bujangga,
di pangjangna nagara,
dalapan windu nyekelna nagara Panjang.
- (13). Aya deui Kusumah Mataram rawuh,
Dipati Kala Santika,
éta nu badé ngagentos,
nagaranna sasih ningali di Mataram.
- (14). Suka sugih abdi-abdi // kabeh mampu, (42)
pada bararoga,
agamana henteu patuh,
meunang umur lilana lima turunan.
- (15). Aya deui nu datang sahiji ratu,
anu ngaran Bala Dewa,
datangna ti Mataram téh,
dingaranan disebut ratu rebutan.
- (16). Ari paih jalanna kapalna alus,
bari upah-upah,
angkir lamun kanu hadé,
kawasna téh aya pisan tahta.
- (17). Ratu pirang-pirang papadaning ratu,
reujeung barayana,
sami saturunan keneh,
ratu disebutna nulungan ka nu saurang.
- (18). Ari geuleuh éta nu sahiji ratu,

seug ratu rebutan,
tuluy milu nyekél gawé,
jadi raja bareng reujeung ratu jawa.

(19). Ratu geus leungit adiling ratu,
bumi henteu barekah,
awahing réa-réa nu bohong,
kuring mangka enggeus leungit wiwirangna //.

(20). Jawa Sunda sakabeh nu jadi ratu, (43)
leungit kawasana,
ari dina lébé-lebé,
rék meh kabeh taringgaleun agama.

(21). Teu eraeun beuteung ampar ngurus waktu,
mikir panghasilan,
tetep réa nu bejad,
malah aya hiji lébé bobogohan.

(22). Sabab ajar malati sambung-sambung,
kitu wekasana,
reujeung réa anu bohong,
pedah bapa teu dikirim andong.

(23). Reujeung deui tangtu réa anu bingung,
sababna téh bapa,
meunang getih satangkerok,
pangirimna éta Ajar gunung Padang.

(24). Saban-saban éta tina pendak taun,
pamajikan jalma,

éta kudu urang baé,
henteu beunang dihilian ku nu lian.

- (25). Aya deui keusik // naek batu turun, (44)
ratu rerebutan,
geus jeneng ratu antero,
geus kawasa ayeuna ratu di Jawa.
- (26). Ngalampahan meunang genep puluh taun,
perang pada sebrang,
eta diat langkung ramé,
pangperangan merebutkeun ratu Jawa.
- (27). Eureun lila éta tina perang campuh,
sagala nu rebutan,
mapakan balad sakabeh,
hayu deui urang parang raja Jawa.
- (28). Lila perang antara opat puluh tahun,
masih rame perang,
tuluy datang hiji syekh,
ti Madinah éta anu nyapih perang.
- (29). Tuluy eureun tina éta perang cucuh,
diganti kutuan,
aya deui ratu sejen,
kakasihna ratu Kalawengga.
- (30). Enya éta anu eukeur jeneng ratu,
Pandita bujangga
adil ka // wisesa kabeh, (45)

agamana anu ditetepkeun pisan.

- (31). Sagalana tataneman pada tuwuh,
menak suka-suka,
darigama hanteu dipakai,
menak sugih uang sumawonna barang.
- (32). Pandita ngirim daun saruni sacungcun,
kitu wekasana,
sugan hidep haying nyaho,
tah sakitu dengekeun talatah bapa.
- (33). Éta Ajar lilana di gunung,
saratus sawidak,
walanda éta lilana téh,
ganti deui éta ku jaman sangsara.

8. Durma

- (1). Ratu angkat ti nagara Pajajaran,
nyelesepeun jeung iblis,
reujeung siluman sileman,
jalan laku cantula,
hukumanana teu misti,
sakira-kira,
mantir pating puringis.
- (2). Waktu eta sangat pisan larang pangan,
taya anu // jual beuli, (46)
rea pisan pagawean,
anu matak jadi mahal,

sakabeh jadi prihatin,
para kapala,
sumawonna anu leutik.

- (3). Sapuluh taun nagara kitu petana,
sawareh para bupati,
mantir-mantir ting salebar,
pada unjukan ka sultan,
kangjeng sinuhun gunung jati,
enggeus kapendak,
kangjeng gusti seug ngalahir.
- (4). Seug miwawarang sultan ka para pinangeran,
ngarurug para bupati,
ka eta ratu Pakuan,
ku maneh téh paraehan,
bawa sina ka kami,
masing beunang,
ari diteang geus leungit.
- (5). Lajeng mulang kabeh para pinangeran,
pada haturan kagusti,
sumuhun eta aya,
ku abdi henteu kasampak,
tayohna minggat ti peuting,
henteu karuhan,
karatonna burak barik.
- (6). Sultan // Cirebon engeus kitu ngadeg raja (47)
leuwih nya sugih mukti,
kakocap ratu rebutan,

ti sebrang ngarurug perang,
perang rame téh teuing,
lila teu lila,
sultan perangna geus sisip.

(7). Enggeus tuluy sultan téh dibawa layar,
aya ku mah sahiji,
ayeuna nu keur tatapa,
tina gunung Ceremay,
kersa nyusul ka gusti,
amprok dijaga,
direbut dibawa mulih.

(8). Reujeung deui sultan téh di nagarana,
nagarana alus deui,
geus teu aya kasusahan,
keur meujeuhna beurat beunghar,
abdi-abdi sugih mukti,
waktos harita,
ka Cirebon enggeus mulih.

(9). Sawidak taun sultan jeneng deui raja,
ayeuna kakocap deui,
ratu mawa caina,
eta téh kersana raja,
asih anak maraja sakti //
geus panganggeusan, (48)
moal aya ratu deui.

(10). Aya deui rame pisan anu perang,
Bopati jeung para mantir,

Raja jeung papada raja,
ti kulon reujeung ti wetan,
perang cucuh perang tanding,
keur rame pisan,
mo aya nu datang deui.

(11). Ti beh kidul eta datangna gagaman,
kersana téh arek nyapih,
ka eta anu keur perang,
opat puluh reana,
tuluy anu perang disapih,
kabeh barudal,
marulangna masing-masing.

(12). Tah sakitu ka raja weweling bapa,
bapa arek mere deui,
poma ulah pisan-pisan,
geus tuluy kana lampahna,
ratu jeung koncara leungit,
ka awang-awang,
koncara ka kandang wesi.

(13). Kocap deui Hariang Bangsa pasea,
enya éta reujeung rayi,
eta jeung Ciung // Wanara (49)
silih surung henteu pageuh,
Ciung Wanara nyurung deui,
parosa-rosa,
kalangkung-langkung nya tarik.

(14). Tuluy eureun pipir tangkal maja,

aya buahna sahiji,
tuluy buahna diala,
eta ku Ciung Wanara,
ari diraosan pait,
tuluy haturan,
kakang piker kang rayi.

(15). Ieu sae pisan kanggo nagara kang raka,
ngaranna téh majapait,
rakana ngawangsulana,
enya éta bener pisan,
tapi hayang nyurung deui,
tuluy narajang,
nyurung gancang téh teuing.

(16). Tuluy nepi kana leuweung nu gerotan,
di dinya téh tuluy manggih,
pakuna éta ngajajar,
rakana tuluy nimbalan,
hade keur nagara adi,
urang ngaranan,
ngaranna téh Cisama.

(17). Hariang Bangsa seug ngalahir ka raina,
keur jadi raja adi,
nya linggih di Pajajaran,
maranehna bopatina,
kakang mah di wetan deui,
mulang ka tukang,
ka nagara Majapait.

- (18). Sugaun ayeunna téh masih aya,
ari sumping bakal panggih,
bejana geus merad,
serta reujeung koncara,
ngan kari maraja sakti,
di dinya aya,
ngan bejana téh.
- (19). Cacarita sapatuturan reana,
kabeh taya nu kari,
geus beak dicarita,
Hariang Bangsa nimbalan,
eta adi maraja sakti,
adi ayeuna //
seug geura jadi bopati.
- (20). Nyieun ngaran nya cicing di gadungan,
adi raja pribadi,
kakang mah di tanah wetan,
ayeuna nyieun nagara,
nagarana Majapait,
Ciung Wanara,
enggeus jadi bopati.
- (21). Jadi ratu di nagara Pajajaran,
hayu geura bagi-bagi,
sagalaning pakarang,
arina enggeus paragas,
ngan kari maraja sakti,
di pangaduan,
geus pada jadi bupati.

- (22). Hariang Bangsa puputra nyi Minta Laras
naros apuputra Mesir,
mesir deui apuputra,
seratna ngajadi raja,
jadi raja Majapait,
éta putrana,
enya éta gedong jati.
- (23). Gedong jadi puputra Kertadipura,
Puputra gedong sari,
gedong kacang putrana,
puputra gedong Mataram,
gedeng sarabad putrana deui,
sang Sedang-// kara, (52)
kara peucang kamuding.
- (24). Apuputra nu jadi sultan Mataram,
Apuputra Tegalwangi,
Apuputra Pakubuwana,
anu ngadegkeun nagri,
éta dua welas bopati,
ka tuan jenderal,
dewa dayeuh Pansi.
- (25). Pakubuwana puputra bahanna emas,
alona dibuang deui,
dibuangna ka Inggris,
Pangeran Puger kakocap,
sadalarang Pakubuwana,
nu ngaleupaskeun bopati,

pulou dua welas,
éta jenderal Pansipi.

(26). Banggala Jati puputra éta gunung nyah,
puputra ratu adi,
suhunan ratu puputra,
katambak sari sahanan,
éta // téh putraan deui, (53)
turning gagang,
nu ka garwa pucuk emim.

(27). Pucuk emim puputra itung reana,
ngan parbu Haur Kuning,
éta anu panengahna,
nya éta anu jeung raja,
nu réa teu kocap deui,
wabtu papisah,
nyaeta puputra deui.

(28). Kasahat enya éta raja sipta,
lila-lila ngerti deui,
dijenengkeunana,
Sang Hiang di Galuh pama,
geus kitu digentos deui,
éta namana,
Parbu di Galuh nami.

(29). Sang parbu Ciung Wanara,
eta nyai Purbasari,
Purbasari lakian,
ka lutung Kasarung raja,

eta téh putrana deui,
Sang Lngga Hiang,
putrana sang Lngga Wesi.

(30). Langga Wesi kacaritakeun putrana,
Langga Ratu putraan deu-//i, (54)
eta parbu susug tangga,
putra Munding kawati,
Angga Larang kocap deui,
kocap garwana,
jeung putrana kitu deui.

(31). Opat puluh reana keur jadi raja,
éta parbu Siliwangi,
linggihna di Pajajaran,
éta murang maring manah,
kasiemuan liwat saking,
ku kean santang,
éta bingung liwat saking.

(32). Kasiemuan ku Parbu Kean Santang,
maras miris siliwangi,
eta kersana rek merad,
ku bawaning sieun Islam,
henteu tolih garwa geulis,
karuhan putra,
kabeh henteu ditolih.

(33). Siliwangi putrana anu kakocap,
éta hiji anu istri,
Nyi Sekar Mandapa,

karepna milu sayakti,
mawa pakakas,
sahiji rupana // canderik. (55)

- (34). Lila-lila ajar téh aya karepna,
hayangeun ka eta istri,
Nyi Sekar Mandapa tea,
nanging ku pedah ajar,
henteu kalangkung saresmi,
gan bijil kama,
tegesna kama téh mani.
- (35). Mani ninggang ka éta gagang pakakas,
éta kanu ngaran canderik,
lengket kana gagangna,
tuluy nyi Sekar Mandapa,
éta th dianggo masih,
lengket panangat,
pabaur reujeung gambir.
- (36). Enggeus kitu Sekar Mandapa ngalemar,
seug kadahar éta mani,
gancangna ieu carita,
seug tuluy reuneuh katara,
Nyi Sekar Mandapa balik,
melang kaampah,
arina enggeus sumping.
- (37). Waktu éta geus aya tilu raja,
Dipati Palumbon linggih,
Cirebon geus jadi sultan,

Banten reujeung Mataram,
Nyi Mandapa kocap deui, (56)
datang ka mangsa,
Mandapa putrana istri.

9. Sinom

- (1). Nyi Sekar Mandapa medal,
putrana ku leuwih geulis,
geus dongkap kana wayahna,
éta arék ngangkat ahir,
baleg lumaja putrid,
umur dua belas taun,
ngaranna Tanduran Gagang,
Ratu carbon meunang warti,
Patih leumpang neang nyi Tanduran Gagang.
- (2). Raden Patih cengkat nyembah,
rampung pangandika gusti,
enya patih geura miang,
angkat diiring ku mantra,
gancangna téh enggeus tepi,
ka lembur anu dijugjug,
teping jeung Sekar Mandapa,
tuluy den patih ngalahir,
Nyai Sekar kawula ngemban timbalan.
- (3). Mundut nyi Tanduran Gagang,
arek dianggo ku gusti,
mangkat nyi Tanduran // Gagang, (57)

ka patih gancangna indit,
bari nyandak nyai putrid,
tanduran Gagang ditandu,
henteu kocap dijalanna,
geus marek ka payun gusti,
dikuleman bijil seuneu tina baga.

(4). Gancangna piwarang mulang,
diiring ku para mantri,
enggeus dongkap ka lemburna,
éta kacarita deui,
ratu Bnaten tingali,
aya anu geulis punjul,
ngaranna Tanduran Gagang,
tuluy nimbalan ka patih,
éta téang patih Nyi Tanduran Gagang.

(5). Ku maneh masing kabawa,
Patih nyembah bari indit,
diiring ku pandakawan,
reujeung ku ponggawa mantra,
henteu lila enggeus dating,
ka lembur anu jugjug,
tepat jeung Sekar Mandapa,
tuluy ngalahir ki patih,
Nyai Sekar kula ngemban dawuh raja.

(6). Mundut nyi // Tanduran Gagang, (58)
kersa dianggo ku gusti,
ayeuna kudu kabawa,

Nyi Sekar haturan ka patih,
sumangga kai patih,
nanging kudu nganggo tandu,
gancangna tuluy miang,
dongkap ka payunan gusti,
ditingali ratu téh bogheun pisan.

(7). Tuluy kersa di kuleman,
ku ratu meunang sapeuting,
bijil seuneu tina baga,
jadi teu kongsi kapanggih,
ratu kaget liwat saking,
aya seuneu bijil hurung,
kangjeng ratu téh kaluar,
bari nimbalan ka patih,
los pulangkeun éta Nyi Tanduran.

(8). Enggeus lila di imahna,
éta kacarita deui,
Ratu Mataram uninga,
lamun aya nu geulis,
kami haying papanggih,
bejana aya // lembur, (59)
di aspah eta eusian,
patih keur indit,
bejana téh ngaranna Tanduran Gagang.

(9). Ku maneh kudu dibawa,
ari éta enggeus yakti,
iringkeun reujeung indungna,
tuluy mangkat raden patih,

henteu lila enggeus tepi,
ka lembur anu dijugjug,
Tanduran Gagang kasampak,
jeung ibu teu keur caralik,
patih dongkap reujeung sablad-baladna.

(10). Tuluy ki patih nimbalan,
ka éta nu dua istri,
aeh Nyi Sekar Mandapa,
kula nyembah dawuh gusti,
putra sampean istri,
éta dipundut ku ratu,
bareng reujeung sampean,
dikersakeun nieuh joli,
Nyai Sekar Mandapa haturan sumangga.

(11). Tuluy indit sarérea,
diiring ku para mantri,
barina jeung nambah,
beuki geulis eta istri,
para mantra anu ngiring //,
kabeh pada nganggo paying, (60)
kamantrian teu sarua,
wantu pada boga apti,
teu dicatur di jalana enggeus dongkap.

(12). Datangna ti pupungkuran,
mipiir tutur kikis,
tiluareun kuta,
kakara meunang salapi,
caturkeun nu boga bumi,

goongna engeus ngaguruh,
nu mapagkeun pirang-pirang,
panghulu jaksa papatih,
malah budal bareng jeung istrina.

(13). Geus kapendak babarengan,
lajeng dicandak ka bumi,
geus sadia pakuleman,
kulem sertana saresmi,
jeung medesek sarareungit,
bantal sajak nu aralus,
saperti sastra dewa,
samakna nganggo alketip,
geus kapuret salirana eta raja.

(14). Tanduran Gagang kakocap,
eukeur dipangkon ku gusti //,
diambungan salirana, (61)
digugulung éta peuting,
diluar kitu deui,
petana ramé ngaguruh,
surakna ambal-ambalan,
lain ramé ulin-ulin,
beurang peuting henteu paké sukan-sukan.

(15). Raja arek kersa nembra,
tuluy nyandak sisi samping,
eukeur diasta tungtungna,
tuluy aya nu bijil,
cahya murub saeutik,
tuluy dibukakeun kampuh,

ari breh ditaranjang,
ngagebur sagede pingping,
bijil seneu tina baga gede pisan.

(16). Ratu kaget ngejat lumpat,
barina ngagibrig,
ku tina kitu petana,
urang mah teu nyaho teuing,
ayeuna ku maneh patih,
buburak masingna kabur,
masing mulang ka imahna,
bola amparna nganggo joli,
tuluy mulang eta ka dua ibuna.

(17). Raja tiluna rarageman //,
urang jual kana bedil,
ari dating ka Walanda,
tuluy dihaturkeun nyai,
utusan tuluy arindit,
kuring piwarangan ratu,
ngajual Tanduran Gagang,
pating kudu tilu bedil,
sareng deui mariem nu panggedena.

(62)

(18). Sakitu nimbalan raja,
nimbalanana ka abdi,
sapertos ditarima,
dahuan sang raja Inggris,
hey ieu mantra-mantri,
ieu kula leuwih subur,
bedil mah geus nyembah pisan,

isukan oge marulih,
bari mawa mariemna sahiji sewang.

(19). Para mantra tuluy mulang,
barina mawa bedil,
tuluy haturan ka raja,
abdi enggeus kenging bedil,
seug tuluy dibagi-bagi,
nu kabeh amuk,
ka Mataram sapu jagat,
ka Cirebon santoni,
geus paragat bedil dibagikeunana //,

(20). Kocap Nyi Sekar Mandapa,
bawaning ku nyeri ati,
lumpat ka ajar sakilat,
mihaturkeun lampah tadi,
jeung ajar geus papanggih,
nu aya di luhur gunung,
kaula seja haturan,
reuneuh kula enggeus lahir,
medal istri rupana the alus pisan.

(21). Ngaranna Tandaran Gagang,
nanging kula leuwih nyeri,
éta budak dijual,
ku tilu raja ka Inggris,
jeung kula teu badami,
payu kana bedil tilu,
tah sakitu purwana,
nu matak kaula nyeri,

ajar nyaur ka Nyai Sekar Mandapa.

(22). Aéh nyai majah nalangsa,
mangkana ogé papanggih,
supat ka raja-raja,
mangkena di jaman ahir,
ari Walanda geus sumping,
sartana geus jadi ratu,
nyaeta di pulo Jawa,
ratu the // katunda leungit, (64)
kawasana cumah nyuruh ka parentah.

(23). Éta jadi lawan-lawan,
eureunkeun ratu adil,
bujangga ka nu sa jawa,
éta ratu meunang idin,
sabab enggeus jadi,
nyaeta juyadna ratu,
jiyadna ratu Purba,
nu ngajual kana bedil,
éta kitu wawaleh ka raja.

(24). Ratu adil sakersana,
geus tangtu baé jadi,
padamelan tataneman,
sakabeh pada jaradi,
jadi pangkat anu leutik,
ku saya adiling ratu,
upamana aya jalmi,
tumulut tangtu jadi asih,
malah-malah dipikiran karajinan.

(25). Geus kitu ajar sakersa,
leungit sareng canderik,
teu karuhan éta brolna,
sarta henteu katingali,
sekar Mandapa mikir,
ayeuna turun ti gunung,
arek // mulang ka imahna, (65)
teu nangan teu betah cicing,
behna éta ditinggalkeun ku anakna.

(26). Aya Nyai kacarita,
nyarioskeun kersa gusti,
sang ratu Raja Mataram,
ngersakeun ngarugrug jurit,
miangkeun dua bopati,
sahiji dipati di luar,
kaduanana jeneng rangga,
rangga kumpulan bopati,
serta eta reujeung balad-baladan.

(27). Jeung sakabeh wadyabala,
sakabeh para prajurit,
sakabeh enggeus caringcit,
ka nagara nu dijugjug,
éta nagara simpangan,
seug tuluy natakeun baris,
geus der nempuh nagara dibaredilan.

(28). Keur rame pisan nu perang,
ngagu-// ruh soara bedil, (66)

jalma réa anu hilang,
pamajikan ting pucicid,
neangan musuh leungit,
nu ngarurug kabeh kabur,
teu kanyahoan leungit,
keur poek ka haseup bedil,
nu ngarugrug rek meh teu bisaun mulang.

(29). Datangkana tengah jalan,
Rangga Gempol tuluy leungit,
Gan kari tinggal baturna,
sabab era serta ajrih,
tangtuna meureun dipeuncit,
omongna dipasi,
mulang bareng ngiring perang,
bareng reujeung perjurit,
enggeus dating ka kota nagri Mataram.

(30). Tuluy unjukan ka sultan,
jisim kuring éléh jurit,
nun Rngga gempol teu aya,
di tengah jalan laleungit,
sumangga kersa gusti,
reh abdi éta sakitu,
kangjeng sultan // nimbalan, (67)
ka sagala Juru pati,
geureuh ngadon akur geura maehan.

(31). Dipati Ukur unjukan,
hampura jeng gusti,
abdi eukeur maju perang,

mupu tanah Batawi,
manawi aya idin,
jakatra rék digempur,
lajeng sultan téh nimbalan,
maneh sanggup jurit,
pibatureun bupati belah girang.

(32). Kudu tuluy pada mangkat,
sabatur (...),
teu di catur di jalanna,
kacatur enggeus nepi,
tuluy seug natakeun baris,
enggeus dating perang campuh,
reana kabina-bina,
silih tembak silih bedil,
henteu lila ki Dipati Ukur kalah.

(33). Tuluy burak pada mulang,
baladna ki dipati,
anu masih keneh aya //,
sakabeh di bulak-balik, (68)
henteu kapanggih lila nepi,
ka imah Dipati Ukur,
saenggeus kitu rerempugan,
batur turun omong kami,
ayeuna mah aing rek,
rek kumpul ka sultan.

(34). Mun aing masih ngawula,
tangtu aing meunang nyeri,
kadang dipaéhan pisan,

anggur urang mapag baris,
sabalad-balad kami,
urang parindah ka gunung,
rék nyieun benteng di dinya,
jeung maneh tuluy ngabeusi,
éta manggala Samaita Wirawangsa.

(35). Ngabei Asta Manggala
Medal ti Cihaurbeuti,
Ki ngabei Samaita,
éta urang salin kasih,
tegesing urang Galunggung,
ngabei Wirawangsa,
éta nu kasebut deui,
asalna urang lembur Sukakarta.

(36). Tuluy tiluanna laleumpang //,
ngajugjug para bopati, (69)
urang ka dalem dipatya,
barang saenggeusna nepi,
ka nagara enggeus sumping,
nyaeta anu dijugjug,
tuluy baé haturan,
diri jisim kuring,
dipiwarang ngajak mukul ka gamparan.

(37). Kangjeng Dipati Nagara,
ngalahir barina sengit,
Asta Manggala Samaita,
aing mah geus teu rek milu,
ulah teu milu téa,

ngadenge aing sedih,
maraneh téh mun haying salamet badan,
(kurang dua padalisan).

(38). Ayeuna geura marulang,
ka ukur geura pupulih,
kawit aing henteu suka,
diajak mukul ka gusti,
sabab éta lain tanding,
bopati ngamusuh ratu,
eta maneh nu tiluan,
pacuan rek milu jurit //,
lamun haying salamet badan manehna, (70).

(39). Gancangna tuluy marulang,
ka dayeuh Ukur rék nepi,
tuluy pada halaturan,
perkawis lampah simkuring,
mapay para bopati,
dipapay enggeus patepung,
ari pok lahiranana,
sakabeh seja rék ngiring,
ukur nyentak kajeun kami gé kaduga.

(40). Ukur tuluy masangrahan,
di gunung mepekeun baris,
kumpul kabeh sabaladna,
sajaba tilu ngabei,
sakabehna para mantri,
geus pepepek di gunung Lawung,
ngabei Asta Manggala,

sabaturna enggeus baralik,
masing-masing pada mulang ka imahna.

- (41). Seug di jalan rarageman,
hayu urang balik deui,
bela wiring mawa balad,
marek ka dalem dipati,
sugan baé // pijalaneun urang hirup, (71)
aya deui nagara,
(...) saanak rabi,
tuluy pindah nu tiluan ka nagara.
- (42). Ari dating seug unjukan,
abdi dalem seja ngiring,
arek seja kumawula,
tibarang dongkap kabatilan,
ayeuna enggeus arindit,
(...) saanak putu,
jadi maneh téh pindah,
sinuhun paneja abdi,
seja pisan mandakawan gamparan.
- (43). Dalem dipati nimbalan,
ngadawuhan papatih,
aéh patih ayeuna lempang,
haturan ka Kangjeng Gusti,
aya sahiji bopati,
éta dipati Ukur,
eukeur nyieun dangdanan,
barina mepekeun baris,

urang Lawung eta anu dienggonan.

(44). Gancangna patih angkat,
diiring ku paramantri,
teu di-// catur dijalanna,
ka Mataram enggeus nepi,
lajeng marek ka Gusti,
kaulanun Kangjeng Ratu,
abdi hatur uninga,
ayeuna aya papatih,
nguningakeun Ki Dipati Ukur mapag.

(45). Aeh Tumenggung Narapaksa,
maneh dangdan saparanti,
kumpulkeun parasantana,
serta reujeung paramantri,
nanging kudu dipilih,
nurut Gan dipati Ukur,
bopati sabelah wetan,
ku maneh kudu di kerid,
ukur tangkep sing modar bawa sirahna.

(46). Henteu kocap di jalanna,
ka dayeuh Ukur geus nepi,
Den Tumenggung Narapaksa,
geus der marepakan baris,
dipati para mantra,
gunung Larung geus kakepung,
der padangabedilan,
jalan gunung ngan sahiji,
diselepek eta ku // (...) rea.

(73)

(47). Dipati Ukur sadaya,
batuna (...),
hempag gagaman di lebak,
rea anu bijil peujit,
sawareh tinggaruling,
pirang-pirang anu ngakut,
kitu bae petana,
batuna sok balik deui,
Ki Tumenggung rarageman sadayana.

(48). Urang Sedak ka Sumedang,
di dieu urang badami,
neangan éta bisak,
nyirig ka éta Dipati,
paradiapati padamikir,
geus emut Dipati Galuh,
den Bagus carita pura,
waktu éta mah bangkit,
seug Si Ukur ari dating dipariksa.

(49). Aéh Agus Sawitapura,
ayeuna kudu dipikir,
dipati Ukur ka (...),
ku kersana kangjeng Gusti,
nanging kudu nastiti,
laksana éta batu,
gedena kabina-bina,
dikira sagédé // leuit,
dingaranan batu Sumanding Lalampah

10. Pangkur

- (1). Bagus Sawita geus angkat,
pakakasna pedang jeung bedil,
datang kana pipir gunung,
tuluy bae éta nanjak,
ari dating kana tengah-tengah gunung,
batu ngaguludug dating,
batu bencar burak barik.
- (2). Nu sabeulah seug dicandak,
dibalangkeung nyangsang dina luhur kai,
nu matak ayeuna mashur,
ngaranna téh Batu Liang,
kocap deui Sawita Pura ngamuk,
balad ukur enggeus ruksak,
ukur ditangkep sakali.
- (3). Seug tuluy dibawa mulang,
Dipati Ukur ditungtun make tali,
aréék dibawa ka galuh,
pikirna sawita pura,
réék di bawa eta téh dipati Ukur,
kocapkeun eta bo-// patina, (75)
tahun tina ijarah nabi.
- (4). Seug gancang Sultan mariksa,
cing pikiran saha anu bade ngaganti,

kumanehna ti Galuh,
nu pariksa haturan,
nun sumuhun nu pantes ngabeui tilu,
reh éta milu megat,
lumpat ngungsi ka sima abdi.

(5). Ulah ayeuna dibawa,
tibareto bareng reujeung abdi,
loba batur tilu ratus,
mawa ngabeui Astamanggala,
(...) imah-imah di Cihaur,
Reujeung kai Samaita,
éta urang Sindangkasih.

(6). Ki ngabeui Wirawangsa,
éta sami turunan sami priyayi,
batur tilu ratus,
asal di Sukakerta,
(...) téh mun rempag jeung kersa Ratu,
sadaya nimbalan,
sakumaha kersa Gusti //.

(7). Hariring ratu nimbalan, (76)
éta bener ayeuna Kiyahi patih,
aéh ayeuna Ki Tumenggung,
ki Tumenggung narapaksa,
leres karep aing ngabeui nu tilu,
kaopat sawitapura,
ayeuna angkat bopati.

(8). Reujeung diganti ngaranna,

ki ngabeui Astamanggala diganti,
tumenggung waringin winangun,
seug reujeung cacahna pisan,
dua rebu eta pnjul lima ratus,
ki ngabeui Samaita,
ayeuna eta diganti.

- (9). Ki Tumenggung Tanubaya,
jeung berean eta cacahna,
dua rebu lima ratus,
ki ngabeui wirawangsa,
diberéan tambah cacah lima rebu,
reujeung diganti ngaranna,
ki Wira jadi bopati,

- (10). Ki Bagus Sawitapura //,
(...) téh eta ngaranna diganti, (77)
barang diangkat Ki Tumenggung,
tumenggung Sawitanangga,
diberean lebah cacah tujuh rebu,
dikawasen nagarana,
(...) Winarangga diganti.

- (11). Ayeuna nu kacarita,
Rangga gempol ayeunna enggeus sumping,
marek ka payunana Ratu,
barina nyandak sirahna,
mastakana raja sumping dipapnggul,
disanggakeun ka areupan,
ku raja seug ditingali.

- (12). Sim abdi nyanggakeun uninga,
mastakana raja sumping enggeus kenging,
geus raja anu dijugjug,
ku abdi anu di gebah,
diheulakeun nu réa tacan urug,
supaya beunang rajana,
abdi tangtos dawuh gusti.
- (13). Ayeuna geus katarima,
nanging maneh gewat balik deui //,
sakabeh mangkana taluk, (78)
mantrina mangkana dating,
ka hareupeun urang ari enggeus taluk,
ranggagempol kangjeng mantra,
mulang teu lila ngariring.
- (14). Disanggakeun ka hareupeun,
kangjeng gusti muju alhamdulillah,
ayeuna maneh geus turun,
éta ngawula ka urang,
pamulangna éta jalma opat rebu,
serta diangkat pangeran,
reujeung dijadikeun patih.
- (15). Patih nagara Mataram,
langkung ajrih sanggeus éta jasi patih,
geus kitu raja téh ngangluh,
kasawatna dina manah,
reujeung panas katambahan nyeri lambut,
langkung banget kasawatna,
dongkap kana temah pati.

- (16). Digentina ku putrana,
nya éta ku suhunan Nanggala Wangi,
éta enggeus jadi ratu,
ku rame caritana,
nyaritakeun éta putra // éta tujuh, (79)
éta pameget sadaya,
hiji pangeran bopati.
- (17). Pangeran Puger kadua,
jeung pangeran Mataram deui,
ari ama nular disebut,
singasari Balitar,
den Tarunnajaya eta nu katujuh,
ibuna asal ti Sampang,
beunang Kangjeng Gusti nyelir.
- (18). Kakocap putrana nu camak,
dinamanya éta Pangeran dipati,
aya manah ngagerendul,
jeléheun ka ramana,
pedah éta karajaan tacan turun,
ngeundeuk-ngeundeuk salawasna,
manah pangeran dipati.
- (19). Kocap aeh Tarunajaya,
eta deui anu ngagung-nanggung nyeri,
(...) teu pisan diaku,
dibumen-bumen di Sampang,
jeung ibuna kakocapkeun boga mantu,
rangga ka Lengkong mantuna,

nya gagah jeung berbudi //.

- (20). Tarunajaya tumaha, (80)
ieuna ati aing eta kaleuwih nyeri,
kumaha maneh nya sanggup,
meramngan kangjeng rama,
aing haying ngandih jenegn jadi ratu,
galengsong hatur sumangga,
beurang peuting seja ngiring.
- (21). Ki Rangga Galengsong mangkat,
geus teu ngurus eta mawa pangiring,
keur mitoha jeung minantu,
datang henteu tatanya,
tumaros jug ka karaton tuluy usap,
raja kapanggih keur lenggah,
diamuk di burak barik.
- (22). Jeng sultan lumpat tegal,
teu aya mantra sahiji ni ngiring.
angkat bari gura giru,
marek ka bopati tegal,
kersana téh éta ratu rek nyalindung,
nanging teu werat ku era,
dahar leuwih dongkap mati.
- (23). Jeng ratu // dongkap ajal, (81)
urang tegal gehgerna kaliwat saking,
sowara bedil ngaguruh,
paramantri karumpulan,
saréréa istri kabeh kumpul,

sadia pikeun nyiraman,
panghulu hiji jeung hatib.

(23). Sageus parantos nyiraman,
lajeng baé disolatkeun sakali,
lajeng digarotong ka kubur,
sanggeus pendem ngeretna,
sakabehna mantra-mantri pada mundur,
marulang sewang-sewangan,
ramé pameget jeung istri.

(24). Kocap Den Tarunajaya,
enya éta anu ngaganti bopati,
enggeus jumeneg sinuhun,
kakasihna éta sultan,
mudar tina éta liwat saking,
kocapkeun éta rakana,
nami pangeran Dipati.

(25). Geus pala-// yeun jadi raja, (82)
ka rayina manahna kalangkung sengit,
nanging api-api taluk,
seug nyaur ka rayina,
adi kakang gaduh pihatur,
neda karaton kang rama,
rayina tuluy ngalahir.

(26). Perkawis lahiran raka,
ku kang rayi ayeuna enggeus kaharti,
ananging moal kahatur,
réhna beunang sod kawula,

keur asalna ti rama beunang ngarebut,
sabab éta kangjeng rama,
ka kuring henteu ningali.

- (27). Bolo ampur ngaku putra,
tah sakitu nu matak kawula sengit,
ayeuna arek dipundut,
moal enya kasangga,
kuring ogé éta sarua patut,
ngolahkeun éta nagri Mataram,
eujeung deui tacan lami.
- (28). Pangeran Dipati ngamanah,
kumaha sangkana beunang ku aing //,
aing mah rék ngajugjug, (83)
ka Jakarta tuang Amwal,
Dewi (...) éta anu rék dijugjug,
gancangan engeus dongkap,
(.....)tatabean tuluy calik.
- (29). Seug pangeran téh nyauran,
aéh tuan nu matak kaula nepi,
ka tuan rék neda tulung,
pangmerangkeun éta,
sultan (...) tina éta nu jadi ratu,
jadi raja di Mataram,
mangkena nyanggakeun duit.
- (30). Itung sacacah Mataram,
éta cacah Mataram téh genep keti,
genep laksa genep rebu,

éta diitung punjulna,
genep ratus reujeung punjul genep puluh,
sakitu buruhanana,
ceuk tuan hade téh teuing.

(31). Tuan Amwal sanggup pisan,
tuluy bae harita ogé indit,
geus dongkap ka nu dijugjug //,
tatan-tatan pangbarisan, (84)
enggeus tatan seug baé ditempuh,
ramé pisan anu perang,
wantuning pada ngajurit.

(32). Perangna geus lawan pisan,
geus raruksak sakabeh abdi-abdi,
meunang umur tilu tahun,
jeung sultan muda ratina,
geus dicekel salirana geus dihurun,
dicacag diwalang-walang,
Raja Sultan enggeus mati.

(33). Pangeran geus jadi Sultan,
lajeng nyaur nyaeta ka Raden patih,
geus jadi raja aing sanggup,
méré uang ka tuan,
nanging mangsa ayeuna numbuk ewuh,
ku tina teu aya,
saayeuna piker aing.

(34). Éta bopati dua welas,
los gadekeun ka tuan jendral panipis,

sing meunang duit sakitu,
eta genep keti real,
mun geus meunang tuluy // seug dipake naur (85)
bopati nu dua welas serta seratkeun sakali.

11. Kinanti

- (1). Eukeurna di pake naur,
eta dua welas bopati,
hiji nagara Sumedang,
kaduana Kertabumi,
katilu ambanagara,
opat nagara cileungsi.
- (2). Lima nagara Cianjur,
genep Karawang nagri,
katujuh Parakanmuncang,
tanjungsari dayeuh deui,
salapan eta Limbangan,
jaketra sapuluh nagri.
- (3). Sawelas nagara Bandung,
sukapura dayeuh deui,
jadi jejeg dua welas,
nu gédé mo kapimilik,
eta ku Sultan Mataram,
Maulana senapati.
- (4). Hanggala syeh Ki Abdul,
Abdulrohman ya sayidi,
Sayidi panatagama //,

agamana kangjeng Gusti (86)
Muhammadinil mustopa,
Solallohualaihi wasalim.

(5). Sunan Mangkurat geus tutug,
geus nepi ka titis tulis,
enggeus dongkap ka ajalna,
gan sakitu geus pinasti,
digentosan ku putrana,
Sunan Emah nu ngaganti.

(6). Sunan Emah jadi ratu,
tuluy ngalap hiji istri,
pangeran pager putrana,
Den Ayu Lamba kakasih,
Sarua turunan raja,
Geus lila Raden Kaningsih.

(7). Ramana ari geus kitu,
manahna panas téh teuning,
reh eta ningali putra,
dijojore dinyenyeri,
dawuh pangeran sariba,
ka tuan jenderal Betawi.

(8). Seug lila haturan alus,
nu matak kawula nepi,
unjukana ka Kangjeng Sultan,
reh kawula // langkung nyeri, (87)
ku lampah Sunan Mataram,
ku jenderal enggeus kaharti.

- (9). Buga dibuang ka laut,
atawa ka pulao Inggris,
kabeh-kabeh kuma kersa,
asal ku urang nu ngaganti,
rehna sarua turunan,
sim kuring kalangkung nyeri.
- (10). Tuwan jenderal enggeus sanggup,
pangeran hade téh teuing,
isukan kahu (...),
tilu poe oge nepi,
jeung pangeran barengan,
hayu urang bareng indit.
- (11). Henteu (...) saur,
nyaritakeun enggeus nepi,
geus dongkap ka palabuan,
geus tatan-tatan paranti,
tuluy hanjat ka Mataram,
jeung Sultan enggeus papanggih.
- (12). Tatabean luntang lantung,
tuluy linggih dina korsi,
barina salah saurang nyaur, //
geus lampah sadiri, (88)
geus kitu lajeng dalahar,
dihormat dipusti-pusti.
- (13). Tuan Sultan Kalumasu,
bae sama-sama pegih,

saya mau di (...),
di kapal tepi sedikit,
sultan haturan sumangga,
dan kawula seja ngiring.

- (14). Ari dating ka parahu,
der peta rame the teuing,
nginum arak henteu pegat,
jinur reujeung angur meni,
jinur reujeung arak Cina,
saupi tambah jeung brendi.
- (15). Ari geus daratang lajung,
Tuan jenderal ulah mulih,
nu jadi raja geus aya,
tuan mah enggeus digenti,
Pangeran Puger musuh tuan,
Enya eta anu ngaganti.
- (16). Suhunan masih berdilaut,
kasrilang atawa Inggris,
geus kitu // (...) teu kacarita,
ayeuna carita deui,
nyaeta téh jadi raja,
hatur ka jendral ka bumi.
- (17). Nya éta pundulur,
ngagade éta bopati,
ayeuna karep kawula,
tuluy leupaskeun sakali,
jendral sukur pisan,

tembih banyak terima kasih.

(18). Muga-muga sang hiang di galuh,
waktu bijil ti nagara,
dawuhan ti Pajajaran,
seja ngadamel bumi,
ku atina eta di dinya,
di dinya kersana linggih.

(19). Pojok kidul tanah Galuh,
sertana éta beh hilir,
éta nagara Calacap,
éta eukeur waktu tadi,
enya soteh los ka wetan,
saroeh kabawa istri.

(20). Ka kulon Gunung Galunggung,
mapay saturuh Cikunir //,
teras ngidul ka Ciwulan,
éta piwatesan deui,
ka kocap Sang Hiang Perbana,
dua sadérék nu ngiring.

(90)

(21). Sunan Cihideung disebut,
saderekna hiji deui,
ngaran maraja upama,
kabeh juruning Dipati,
masing-masing ngranna,
sanggeusna dipanci-panci.

(22). Jenengan ti tanah Galuh,

sabab Pajajaran leungit,
nagarana milu milarian,
putra-putrana teu cicing,
sakabeh patih salebar,
néangan keur anggoeun cicing.

(23). Aya nu los ka Panjalu,
sawareh los ka Kawali,
tuluy ka Kuningan pisan,
masing-masing pada ngungsi,
rea deui tingselebar,
anu asup kana tuni.

(24). Agamana nu lumaku,
tuturut agama nabi //,
agamana boa, (91)
teu aya aksara hiji,
henteu Arab henteu jawa,
boga aksara pribadi.

(25). Éta adapt budak kitu,
menak sumawonna kuring,
mun paéh tara diruang,
dilarang jendral,
tegesna dilarang tea,
dipalidkeun kana cai.

(26). Éta nu basana kitu,
babasan nu ngaranna candi,
diteundeunna kakaian,

anu caran eta kai,
atawana batu datar,
di dinya éta paranti.

- (27). Éta Sang Hiang Galuh,
kocapkeun kagungan istri,
nya geulis ku hade polah,
nama rajung raja Mantri,
ti dinya kagungan putra,
tuluy sahiji the istri.
- (28). Nu kocap Prabu Galuh,
éta turnan bopati,
nu dua teu // dicarita, (92)
kocapkeun rek nyieun bumi,
din u salawe nagara,
ngabanding ka sisi cai.
- (29). Garwana anu disebut,
Tineung Adi Anjungnami,
ti dinya nya kagungan putra,
sahiji bari lalaki,
nu bakal nyekel nagara,
namina Sang Hiang Dipati.
- (30). Ka kocapkeun Prabu Galuh,
eta ari ditingali,
kawasna geus sepuh pisan,
jadi Sang Hiang dipati,
diangkat Sang Prabu Muda,
kitu kersana ngiring.

(31). Prabu Muda nu dicatur,
seug ngersakeun nyieun bumi,
tempatna di Panaekan,
jeung kagungan tilu istri,
tin u ranggenan ngaranna,
kadua mah kerta bumi.

(32). Masroro hideung katilu,
putrana diitung deui,
sapuluh eta putrana,
opat putrana nu diistri,
genep putra pameget,
kocap Sunan Gunung Jati,

(93)

(33). Éta ngersakeun nu ngarurug,
geus sadiya piker-pikir,
reujeung para waliyulloh,
sakanehna padangiring,
naluturkeun Sang Prabu Tua,
Prabu muda tua deui.

(34) Geus dongkap ka tanah Galuh,
geus amprok jeung paramantri,
parabu tua tuluy mapag,
éta téh kagungan istri,
nami nyai Gedong Murda,
warnana geulis téh teuing.

(35) Ku asal tina karuhun,
eta turunan bupati,

namana Sumedang Larang,
nu matak jadi kakasih,
keur hade // pisan polahna,
ulah semu reujeung budi.

(36) Ayeuna keur ngurus laku,
adat nu jadi bopati,
heunteu kurang pangurusna,
jebul aya nu sumping,
piwarangan kangjeung Sultan,
rek manic-manci nagari.

(37) Tujuh téh dijieun tilu,
Banaraga jeung Ciamis,
tilu nagara utama,
cacahna beuki saeutik,
dalapan ratus tinggalna,
dina sahiji bopati.

(38) Paneja dipati Galuh,
kagungan putra sahiji,
nu nuluykeun padamelan,
ngaganti jadi bupati,
sami Raden Angga Nangga,
garwana nyi mas bumi.

(39) Tuluy meunang putra tilu,
éta téh ti Nyi mas bumi,
pameget tiluanana,
Hiji nu jadi bopati,

rahaden Sutadinata,
éta ngalap garwa deui.

(38) Ka nyi mas // suta disebut,
éta istri leuwih geulis,
ti dinya kagungan putra,
hiji turunan bopati,
dilamar Kusumah Dinata,
éta nu jadi bopati.

(39) Ayeuna tuluy dicatur,
ngersakeun kagungan istri,
ku raden Purbanagara,
pada turunan dipati,
tuluy meunang putra opat,
pangbureyna eta istri.

(40) Pamegetna anu tilu,
nu hiji jadi bopati,
nami Kusumah Dinata,
jadi geus kadua kali,
garwana Maya Kusumah,
éta istri meunang milih.

(41) Éta heunteu awet umur,
tepi takdiring yang widi,
turug teu kagungan putra,
gan aya saderek istri,
nyi raden Candra Nagara,
kagungan putra lalaki.

- (42) Aya deui nu kacatur,
geus lajeng jadi bopati,
putra dalem jagabaya,
pameget anu sahiji,
ti raden Candranagara,
eta nu jadi bopati.
- (43) Réa anu sejen ibur,
aya lima welas deui,
rundayna sarira baya,
sakur nu jadi prayayi,
aya nu ka pasir panjang,
ki Aria ka kali manggis.
- (44) Ayeuna anu disebut,
putra nu jadi bupati,
dalem Kusumah Dinata,
eta téh kagungan istri,
ka nyi raden Bumi Tana
ti dinya putraan deui.
- (45) Kabeh putrana disebut,
putra pameget jeung istri,
reana the dua welas,
dina tilu ibu badami,
hiji deui tapa raja,
kaduana anu istri.
- (46) Kakasihna Raden ayu,
katiluna istri deui,
namina nyi Raden Raja,

kaopat jumanten sipit,
raden Nata Dikusumah,
eta nu jadi bopati.

12. Dangdanggula

- (1) Kagenépna éta anu istri,
kakasihna den Candranagara,
katujuhna jadi lebe,
kiai Angsana Jangkung,
Arsadinata pamégét deui,
salapan praja kusumah,
mudain sapuluh,
ka saawelas Surawangsa,
anu istri éta nyi Ratna eta kakasih,
geus tutug nyatos putra.
- (2) Nyarioskeun nu jadi bopati,
enya éta den Nata Kusumah,
nanging éta nu leuwih sue,
gan meunang tilu tahun,
annu matak éta teu lami,
rehna aya pérkara,
jeung tudan rek gulung,
margi magak kaparentah,
ka tuan téh dikérsakeun ka // Ciamis,
nimbang kanteh jeung nila.
- (3) Tah sakitu anu jadi gusti,

Keur margina nu matak teu lila,
Geus dileupas tina regen,
Ka kocap nyi raden Ayu,
Dialap garwa eta ku patih,
Den demang parayuda,
Papatih di Galuh,
Ti dinya kagungan putra,
Jeung pamégét parang putra ngan sahiji,
Raden Wira Dikusumah.

- (4) Tuluy ngérsakeun éta kagungan istri,
ka nyai raden Nata Komala,
sami saturunan keneh,
turunan dipati Galuh,
henteuh lila meunang bisluit,
jeung tanda tuan besar,
geus jadi tumenggung,
raden Wira Dikusumah,
harita jadi bopati,
panenenda // sarérea. (100)

- (5) Tuluy kérsa ngalih ka Ciamis,
banagara harita ditingali,
jadi tari kolot baé,
ayeuna anu dicatur,
putrana jeung pameget istri,
eta nu saibu heula mimiti nu sepuh,
nyi raden Ganda Nagara,
seu pamégétan éta kakangjeng Dipati,
rahadén Adi Kusumah.

- (6) Éta istri putraan deui,
kakasihna Dén Ayu Nagara,
nu masih ibuan kénéh,
pamégétna kasihku,
kari dua najan ditulis,
raden Sura Dikusumah,
nu bengis katilu,
radén Damang Parayuda,
raka éta nyai raden Candra Dewi,
Ngadi ka nyai Dewi Mursad.
- (7) Nyai Permana reujeung nyai Nati,
istri opat nu sejen // ibuna, (101)
éta nu kacarios,
anu katurunan wahyu,
ngalajeungkeun jadi bopati,
kangjeung Adi Kusumah,
bopati di Galuh,
Henteu nambah cacahna,
Nagara Panjalu reujeung Kawali,
Eta reujeung distrik Rancah.
- (8) Ayeuna éta dicaritakeun,
putra-putri istri pamegetna,
éta dicarios kabeh,
aya putra sapuluh,
pangsepuhna eta nu istri,
raden Randa Nagara,
éta anu sepuh,
arina eunggeus ti dinya,
geus ngarayi éta ka kangjeng Dipati,

Aria Kusumah Dinata.

- (9) Ri geus kitu anjeuna ngarayi,
raden Angga eta Dikusumah,
ayeuna nya kitu keneh,
raden // Wira disebut, (102)
raden Adi Galuh rayina deui,
raden Kusumah dijaya,
putrana téh tujuh,
Raden Kusumah Wijaya,
eta nu kasebut,
nya eta rayina deui,
rahaden Maha Dikusumah.
- (10) Éta putra anu diwidi,
anu henteu saibu gan sarama,
nya éta nu dicarios,
sarehna misah ibu,
nyi raden Ratna Komala,
raden Wira Praja,
geus jejeg sapuluh,
ayeuna nu kacarita,
nu pamégét sartana jadi bopati,
Aria Kusumah Diningrat.
- (11) Seug ngérsakeun ngamanahan istri,
lajeng nyandak raden Nata Ningrat,
pawarangan hiji baé,
putrana raden Panghulu,
nanging aya cacadna hiji, (103)
nya éta kacarita,

disebutkeun gabug,
hanjakal kabina-bina,
putra-putra pamégét jeung putra istri,
némbé aya sawélas.

(12) Pangsepuhna pamégét sahiji,
kakasihna dén Jaya Nagara,
ayeuna keur ngalalakon,
aya dinagara batur,
eukeur jadi wadana distrik,
bejana hadé pisan sagalaning laku,
aya dina distrik maja,
caritakeun eta rayina istri,
raden Raja Komala.

(13) Dialap garwa éta ku Radé Patih,
raden Arga Kusumah namana,
papatih nagara mios,
asalna ti panjalu,
kocap deui rayina istri,
raden Mustika Ningrat,
éta anu punjul,
banda leuwihtutukaran, (104)
dialap garwa éta ku kangjeng Dipati,
Arya Kusumah Dinata.

(14) Rayi éta istri hij deui,
ku dialap ku patih Kuningan,
ayeuna nu jadi reges,
rahaden Permana ningrum,
lestra binangkit perniti,

bias ngawula ka rama,
anu sajajar ngorana,
dina eta tingkat polah reujang budi,
sedeng tatakramana.

- (15) Pamégétna eta nu sahiji,
éta tacan nyecel padamelan,
réhna masih anom,
eukeur masih diwuruk,
dikérsakeun jadi juru tulis,
namina radén Sukma,
mashurna kalangkung,
rayina teu dicarita anu,
anu génép saréhna burey téh teuing.

TAMAT

